



# Vakanse kay gran nou

- ☞ kreyol ayisyen [ht]
- III 4
- ☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- ☞ Catherine Groenewald
- ☞ Violet Otiemo



This work is licensed under a Creative Commons  
Attribution 4.0 International License.  
<https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/>




- ☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- ☞ Catherine Groenewald
- ☞ Violet Otiemo

## Vakanse kay gran nou

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

**Global Storybooks**






Odongo ak Apiyo te rete laval ak papa yo.  
Yo tap tann vakans yo ak anpil enpasyans.  
Se pa sèlman paske lekòl la te fèmen men  
tou paske yo te anvi wè grann yo. Grann yo  
te rete nan yon ti vilaj pechè akote yon  
gwo basen.

Odongo ak Apivo te kontan yo ta pral we  
grann yo anko. Jou lanwit sa sa yo fè  
malèt yo enpi yo pare pou vwayaj byen  
long sa a. Yo patè kapab domi, yo chita  
pale tout lanwit lan sou vakans yo.





Byen bonè nan maten, yale nan machin  
papa yo jis nan vilaj kote grann yo rete.  
Sou wout la yo travèse mòn ak plantasyon  
enpi yo kwaze bêt sovaj. Yo konte kantite  
machin yo wè. Yo chante.




Lè Odongo ak Apiyo tounen lekòl la yo  
rakonte zanmi yo kijan lavi a nan vilaj la ye.  
Gen kèk nan yo ki kwè ke lavil la bon tou.  
Gen lòt ki santi ke vilaj la pi bon toujou.  
Men, pi fò nan yo te dakò ke Odongo ak  
Apiyo gen yon pakèt granmanman!


di orewwa.

Odogo ak Apayo bo gran yo byen fo pou

domi.

Apree yon titan, timoun yo bouke, yo tonbe






Lè yo rive papa a reveye Odongo ak Apiyo. Yo jwenn grann yo, Nyar-Kanyada, kouche atè lap dòmi sou yon nat anba yon pyebwa. Nyar-Kanyada vle di "pitit fi pèp Kanyada la » nan lang Luo. Nyar-Kanyada se te yon bèl fanm ak yon bèl karaktè.





Lè papa yo vin chache yo, yo pa te vle ale. Timoun yo mande pou Nyar-Kanyada vini abite lavil ak yo. Men, Nyar-Kanyada souri, li di yo "Mwen twò granmoun kounyè a pou'm ale lavil. Map tann nou isit nan vilaj mwen."

Men, fén vakans ap vini. Fòke timoun yo  
 Nyar-kanyada akéyi yo laky li enpi li dansé  
 ak chanté ak yo télman kél te kontan. Pitit  
 pitit li yo te kontan bay li kado yo te pote  
 pou li. Odongo di "Louvi pa'm anvan".  
 Apayo di « Non, se pa'm pou'w louvi  
 anvan ».




Men, fén vakans ap vini. Fòke timoun yo  
 Nyar-kanyada bay Odongo  
 tounen lavil la. Nyar-kanyada bay Odongo  
 yon kap ak Apayo yon chanday. Li mete  
 manje nan valiz yo pou wwayaj la.





Lè li fin louvri kado yo, Nyar-Kanyada beni ptit ptit li yo selon lakoutim.





Nan fen jounen an yo bwè te chai ansanm. Yo ede grann nan konte lajan li fè pou lajounen an.

Ap're sa a, Odongo ak Apayo al jwe deyo. Yo  
kouri déyé papyon ak zwazo.




Yon lot jou, timoun yo ale nan mache ak  
Nyiar-Kanyada. Li te gen yon bak pou'l van  
legim, slik ak savon. Apayo te renmen bay  
kiliyan yo pri machandiz yo. Odongo te  
renmen mete yo nan sache.







Yo grenpe pyebwa, yo benyen nan dlo basen an.




Yon maten, Odongo mennen bèf grann li nan savann pou yo manje. Yo kwaze ak vwazen an ki se yon abitan. Vwazen an te fache anpil ak Odongo. Li menase'l lap kenbe bèf yo paske yo tap manje jaden li yo. Depi jou sa a, ti gason an pa janm mennen bèf yo la ankò pou li pa gen pwoblèm.

Nyar-kanyada appran timoun yo prépare  
ougali pou manje ak bouyon. Li montre yo  
tou kijan pou yo fé diri kokoyé pou manje  
ak pwason boukanne.

Lé komansé fè nwa, yo tounen laky gran  
yo pou yo manje men yo tonbe domi  
anvan yo fin manje!





Demen, papa a tounen lavil li kite timoun  
you ak grann yo.



Odongo ak Apiyo ede grann yo ak kèk ti  
travay nan kay la. Yo chache dlo ak bwa  
pou fè dife. Yo pran ze poul yo ak ti pwa  
vèt nan jaden a.